# Dokiman Pwogram Aplikan HRRP

Gid pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Siklòn Irma

**17 out 2022**

# Tab matyè

**Dokiman 1:** Mwen Pale Kat ........ 1
Dokiman 2: Lis Verifikasyon Dokiman Aplikasyon an yo ........ 3
**Dokiman 3:** Konfimasyon Egzanpsyon Dosye Publik ........ 7
**Dokiman 4:** Fòmilè Otosètifikasyon Reparasyon yo ........ 9
**Dokiman 5:** Avi sou Apèl Rekou Enfòmèl ........ 11
**Dokiman 6:** Sa pou w Konnen Avan w Vann ........ 12
**Dokiman 7:** Sa pou w Konnen Avan w fè apèl Rekou ........ 14
**Dokiman 8:** Kisa w dwe Attann nan Rekontriksyon an ........ 15
**Dokiman 9:** Konsantman Asosye-Propriyetè pou Demolisyon & Rekonstriksyon ........ 16
**Dokiman 10:** Lèt Dokiman ki manke yo ........ 17
**Dokiman 11:** Responsabilite Mèt Kay yo Avan Konstriksyon an ........ 18
**Dokiman 12:** Lèt avètisman sou sitiyasyon inaktif ........ 19
**Dokiman 13:** Konsantman Asosyasyon pou Reparasyon yo ........ 20
**Dokiman 14:** Fòm Verifikasyon Andikap ........ 21
Dokiman 15: Fòmilè Demann pou fè Aranjman Rezonab nan kad Reparasyon ........ 22
**Dokiman 16:** Fòmilè Demann pou fè Aranjman Rezonab nan kad Rekonstriksyon oswa Ranplasman ........ 24
Dokiman 17: Lèt konfimasyon reparasyon RAR ........ 26
**Dokiman 18:** RAR Ranplasman Lèt Konfimasyon ........ 27
**Dokiman 19:** Lèt Konfimasyon Rekonstriksyon an RAR ........ 28
**Dokiman 20:** Lèt Detèminasyon Benefis Rekonstriksyon an ........ 30
**Dokiman 21:** Lèt Benefis Reyabilitasyon ........ 31
**Dokiman 22:** Lèt Detèminasyon Benefis Ranplasman MHU ........ 32
**Dokiman 23:** Lèt Detèminasyon Benefis Ranplasman Modilè ........ 33
**Dokiman 24:** Lèt Detèminasyon Benefis Reyabilitasyon Miltifanmi ........ 34
**Dokiman 25:** Avi Resepdyon Prim lan ........ 35

# Dokiman 1: Mwen Pale Kat

## REBUILD FLORIDA

LANGUAGE IDENTIFICATION CARD

Instructions: Place a check by the language spoken. ☑

Rebuild Florida

| | | |
|---|---|---|
| Arabic | ضع علامة في هذا المربع إذا كنت تقرأ أو تتحدث العربية. | ☐ |
| Armenian | Խնդրում ենք նշում կատարեք այս քառակուսում, եթե խոսում կամ կարդում եք հայերեն: | ☐ |
| Bengali | যদি আপনি বাংলা পড়েন বা বলেন তা হলে এই বাক্সে দাগ দিন। | ☐ |
| Cambodian | ឈូមបញ្ជាក់ក្នុងប្រអប់នេះ បើអ្នកអាន ឬនិយាយភាសា ខ្មែរ ។ | ☐ |
| Chamorro | Motka i kahhon ya yangin ûntûngnu' manaitai pat ûntûngnu' kumentos Chamorro. | ☐ |
| Simplified Chinese | 如果你能读中文或讲中文，请选择此框。 | ☐ |
| Traditional Chinese | 如果你能讀中文或講中文，請選擇此框。 | ☐ |
| Croatian | Označite ovaj kvadratić ako čitate ili govorite hrvatski jezik. | ☐ |
| Czech | Zaškrtněte tuto kolonku, pokud čtete a hovoříte česky. | ☐ |
| Dutch | Kruis dit vakje aan als u Nederlands kunt lezen of spreken. | ☐ |
| English | Mark this box if you read or speak English. | ☐ |
| Farsi | اگر خواندن و نوشتن فارسي بلد هستيد، اين مربع را علامت بزنيد. | ☐ |
| French | Cocher ici si vous lisez ou parlez le français. | ☐ |
| German | Kreuzen Sie dieses Kästchen an, wenn Sie Deutsch lesen oder sprechen. | ☐ |
| Greek | Σημειώστε αυτό το πλαίσιο αν διαβάζετε ή μιλάτε Ελληνικά. | ☐ |
| Haitian Creole | Make kazye sa a si ou li oswa ou pale kreyòl ayisyen. | ☐ |
| Hindi | अगर आप हिन्दी बोलत या पढ सकत हैं तो इस बक्स पर चिह्न लगाए। | ☐ |
| Hmong | Kos lub voj no yog koj paub twm thiab hais lus Hmoob. | ☐ |
| Hungarian | Jelölje meg ezt a kockát, ha megérti vagy beszéli a magyar nyelvet. | ☐ |
| Ilocano | Markaam daytoy nga kahon no makabasa wenno makasaoka iti Ilocano. | ☐ |

# REBUILD FLORIDA

## LANGUAGE IDENTIFICATION CARD

Instructions: Place a check by the language spoken. ☑

| | | |
|---|---|---|
| Italian | Marchi questa casella se legge o parla italiano. | ☐ |
| Japanese | 日本語を読んだり、話せる場合はここに印を付けてください。 | ☐ |
| Korean | 한국어를 읽거나 말할 수 있으면 이 칸에 표시하십시오. | ☐ |
| Laotian | ໃຫ້ໝາຍໃສ່ຊ່ອງນີ້ ຖ້າທ່ານອ່ານຫຼືປາກພາສາລາວ. | ☐ |
| Polish | Prosimy o zaznaczenie tego kwadratu, jeżeli posługuje się Pan/Pani językiem polskim. | ☐ |
| Portuguese | Assinale este quadrado se você lê ou fala português. | ☐ |
| Romanian | Însemnaţi această căsuţă dacă citiţi sau vorbiţi româneşte. | ☐ |
| Russian | Пометьте этот квадратик, если вы читаете или говорите по-русски. | ☐ |
| Serbian | Обележите овај квадратић уколико читате или говорите српски језик. | ☐ |
| Slovak | Označte tento štvorček, ak viete čítať alebo hovoriť po slovensky. | ☐ |
| Spanish | Marque esta casilla si lee o habla español. | ☐ |
| Tagalog | Markahan itong kuwadrado kung kayo ay marunong magbasa o magsalita ng Tagalog. | ☐ |
| Thai | ให้กาเครื่องหมายลงในช่องถ้าท่านอ่านหรือพูดภาษาไทย. | ☐ |
| Tongan | Maaka 'i he puha ni kapau 'oku ke lau pe lea fakatonga. | ☐ |
| Ukrainian | Відмітьте цю клітинку, якщо ви читаєте або говорите українською мовою. | ☐ |
| Urdu | اگر آپ اردو پڑھتے یا بولتے ہیں تو اس خانے میں نشان لگائیں۔ | ☐ |
| Vietnamese | Xin đánh dấu vào ô này nếu quý vị biết đọc và nói được Việt Ngữ. | ☐ |
| Yiddish | באצייכנט דעם קעסטל אויב איר לייענט אדער רעדט אידיש. | ☐ |

Source: Language Identification Flashcard - 2004 Census Test
U.S. Census Bureau, Economics and Statistics Administration,
U.S. Department of Commerce
www.lep.gov/ISpeakCards2004.pdf

# Dokiman 2: Lis Verifikasyon Dokiman Aplikasyon an yo

**Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an**

Lis Verifikasyon Dokiman Aplikasyon an yo

Lojman Inifamilyal ak Lojman Mèt yo Ap Viv Ladan yo

### ☐ ID Valid ki gen Foto ak Prèv Sitwayènte (Sitizenn) oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) Aplikan an

- Lisans oswa Kat Idantifikasyon ki konfòm ak Lwa REAL ID a; OSWA
- Ak de Nesans Ameriken avèk ID Gouvènman Bay ki Gen Foto; OSWA
- Paspò Ameriken; OSWA
- Kat Rezidans ('Grin Kat') oswa Sètifika Natiralizasyon avèk ID Gouvènman Bay ki gen Foto.

### ☐ Dokiman pou Verifye Revni pou tout Adilt ki Manm Fwaye a (ki gen laj 18 tan ak plis)

- Deklarasyon taks sou revni ki pi resan yo (IRS 1040, 1040A oswa 1040EZ) ki siyen epi yo te soumèt, OSWA
- Dokiman pou Pwouve Revni
  - Salè/Peman alè: Talon chèk pou 3 dènye mwa ki sot pase yo OSWA deklarasyon anplwayè w siyen ki di peman alè ak frekans peman an (konbyen fwa w touche le mwa).
  - Si w resevwa Avantaj piblik yo: Lèt ki dekri avantaj sekirite sosyal oswa andikap, retrèt, SSA (Administrasyon Sekirite Sosyal), TANF (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo), pansyon ak rant aktyèl yo (li dwe gen ladan kantite lajan avantaj la ye a).
  - Alokasyon Chomaj: Lèt oswa yon deklarasyon enprime ki dekri avantaj aktyèl yo (li dwe gen ladan kantite lajan avantaj la ye a).

### ☐ Prèv Tout Asirans ki Kouvri Pwopriyete ki te Sibi Domaj la yo

Si yon aplikan te gen yon asirans abitasyon pou pwopriyetè ak/oswa asirans pou inondasyon nan moman Ouragan Irma te frape a, li dwe bay yon kopi rezime reklamasyon an (ki dekri peman estriktirèl vs. kontni yo) ki gen ladan dat reklamasyon an te fèt la, non aplikan an, adrès rezidans ki te sibi domaj la ak montan nè reklamasyon an.

- Nimewo Politik Asirans Abitasyon pou Pwopriyetè a
- Nimewo Politik Asirans pou Inondasyon an
  - Si aplikan sitiye nan limit yon Zòn Ki Gen Risk Inondasyon Espesyal (SFHA) epi nan nenpòt ki moman l te resevwa èd sekou nan ka katastwòf a kondisyon ke moun lan dwe gen asirans inondasyon dabò jan lwa federal aplikab la preskri, kidonk l ap obligatwa pou l bay prèv asirans inondasyon l te genyen apre l te resevwa èd federal pou sekou nan ka katastwòf la ak yon kopi prèv asirans inondasyon aktyèl aplikan an.

### ☐ Prèv ou se Pwopriyetè a

<u>Estrikti ki Konstwi nan Fason Tradisyonèl yo</u>

Prèv ou se Pwopriyetè a dwe date nan moman Ouragan Irma a (10 septanm 2017) epi se ou ki toujou rete pwopriyetè a jiskaprezan.

- Kopi Dosye Taks Pwopriyete pou Ane 2017 la (li dwe gen prèv ou te fè peman/dosye taks yo ladan).

Si nou paka verifye pou kiyès pwopriyete a ye apati de dosye taks 2017 la, y ap egzije w bay youn (1) nan sa ki annapre yo:

- Ak Garanti
- Tit an Fyèf Senp
- Domèn Vyaje/Fidisi
- Enterè abay pou 99 an antake lokatè a
- Òdonans tribinal/Jijman tribinal
- Prèv Ipotekè - (nou ka sèlman itilize l ansanm ak lòt dokiman ki montre ke se ou menm ki pwopriyetè a - li dwe date nan moman tanpèt la te frape a)
- Ak Don

<u>Estrikti Lojman Izine/Mobil yo</u>

Prèv ou se Pwopriyetè Estrikti a dwe date nan moman Ouragan Irma a (10 septanm 2017) epi se ou ki toujou rete pwopriyetè a jiskaprezan.

- Kopi Dosye Taks Pwopriyete pou Ane 2017 la (li dwe gen prèv ou te fè peman/dosye taks yo ladan).

Si nou paka verifye pou kiyès pwopriyete a ye apati de dosye taks 2017 la (ou dwe resevwa egzansyon an rapò ak pwopriyete familyal la ak pwogram Amelyorasyon Lojman Mobil oswa Lojman Izine Eta a), n ap egzije w bay youn (1) nan sa ki annapre yo:

- Atestasyon Tit la
- Kontra Vant lan
- Atestasyon Anrejistreman an
- Atestasyon Peman Lajan Kach (avèk verifikasyon nan men yon tyès pati ki date avan evènman Ouragan Irma a)

www.RebuildFlorida.gov 844-833-1010

DRAFT

**Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an**

Lis Verifikasyon Dokiman Aplikasyon an yo

Lojman Inifamilyal ak Lojman Mèt yo Ap Viv Ladan yo

☐ **Dokiman Adisyonèl Obligatwa yo**
(Si sa aplikab)

- Fwaye ki gen timoun ki gen mwens ke 18 tan yo dwe soumèt:
  - Ak de nesans, Paspò Ameriken oswa ID Eta bay pou omwen yon (1) timoun
- Si fwaye a gen yon manm ki andikape, bay youn (1) nan sa ki annapre yo:
  - Deklarasyon Avantaj Sekirite Sosyal pou Andikap la
  - Lèt doktè ki deklare aplikan kalifye kòm yon moun ki andikape
  - Fòmilè Verifikasyon Andikap la (konsilte Espesyalis Admisyon Rekonstwi Florid la pou w jwenn fòmilè a)
  - Egzansyon pou andikap nan pwopriyete familyal daprè Lwa Florid 196.101 an
- Dokiman ki Pwouve Aplikan an gen Pouvwa Pwokirasyon

☐ **Prèv Domaj ak Enfòmasyon sou Avantaj yo**
(Bay tout sa ki aplike yo)

- Enfòmasyon sou reklamasyon Asirans lan
- Lèt atribisyon FEMA a
- Lèt atribisyon SBA a (Asosyasyon Ti Biznis lan)
- Sètifikasyon Domaj yo

☐ **Sètifikasyon ak Otorizasyon**

- Fòmilè Konsantman ak Fòmilè Pataj Enfòmasyon Pèsonèl
- Sètifikasyon Rekonesans Fwòd Konsènan Fo Deklarasyon Oswa Deklarasyon Twonpez
- Fòmilè Pèmi Dwa Dantre (ROE)

**Enfòmasyon Itil:**

- Lis sa gen ladan dokiman ki nesesè pou w konplete aplikasyon w lan.
- Apre ou premye soumèt aplikasyon w lan, yon Espesyalis Rekonstwi Florid pral konseye w pou nenpòt dokiman obligatwa ou bezwen anplis.
- Sèvis tradiksyon disponib pa mwayen Sant Kliyantèl Rekonstwi Florid la (844- 833-1010) epi nan Sant Rekonstwi Florid la yo (tcheke sou www.rebuildflorida.gov pou w jwenn adrès yo).
- W ap ka voye kesyon yo nan RebuildFlorida@mydeo.myflorida.gov
- Tout dosye yo dwe date mwa Out oswa Septanm 2017, mwa ki vini avan oswa nan mwa Ouragan Irma te frape a epi yo dwe gen menm non ak menm adrès ak pwopriyete ki te sibi domaj ki sou aplikasyon an.
- Yo pral verifye tout enfòmasyon w soumèt bay pwogram lan yo.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou pwogram lan yo, vizite www.RebuildFlorida.gov

**Enfòmasyon yo gendwa chanje. Dènye Revizyon: 24 jen 2019.**

www.RebuildFlorida.gov 844-833-1010

DRAFT

# Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an

## Lis Verifikasyon Dokiman Aplikasyon an yo

### Ti Lojman Alwe

*(Pwopriyete alwe ke mèt yo p ap viv ladan yo ki gen kat (4) inite oswa mwens)*

☐ **ID Valid ki gen Foto ak Prèv Sitwayènte (Sitizenn) oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) pou Aplikan an**

- Lisans oswa Kat Idantifikasyon ki konfòm ak Lwa REAL ID a; OSWA
- Ak de Nesans Ameriken avèk ID Gouvènman Bay ki Gen Foto; OSWA
- Paspò Ameriken; OSWA
- Kat Rezidans ('Grin Kat') oswa Sètifika Natiralizasyon avèk ID Gouvènman Bay ki gen Foto

☐ **Si sa aplikab, yo dwe bay Asosyasyon Pwopriyete a oswa Otorite Lojman Piblik la**

- Rezolisyon konsèy administrasyon oswa ajans ki otorize yo soumèt aplikasyon an ak otorizasyon reprezantan ki siyen an
- Si sa aplikab, Règleman Asosyasyon Pwopriyete a

☐ **Enfòmasyon Espesifik sou Lokatè a**

- Akò Lokasyon/Lwaye Lokatè yo ki aktyèlman an vigè pou tout inite ki gen moun ladan yo
  - ID Valid ki gen Foto ak Prèv Sitwayènte (Sitizenn) oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) pou chak lokatè ki gen non yo nan akò lokasyon/lwaye yo (Kat Idantifikasyon ki konfòm ak Lwa REAL ID a, Ak de Nesans Ameriken avèk ID Gouvènman Bay ki Gen Foto, Paspò Ameriken, Kat Rezidans ('Grin Kat') oswa Sètifika Natiralizasyon avèk ID Gouvènman Bay ki gen Foto)
- Si sa aplikab, fwaye ki gen lokatè ki te demenaje soti Pòtoriko oswa Zile Vyèj Ameriken yo k ap vin abite nan Florid yon fason pèmanan, dwe bay kat idantifikasyon Gouvènman ba yo ansanm ak dokiman ki gen non lokatè a ak ansyen adrès kote l te rete swa Pòtoriko oswa nan Zile Vyèj Ameriken yo (pa egzanp, bòdwa sèvis piblik (kouran, dlo, fatra, abònman televizyon, telefòn fiks, elatriye), relve kont bankè, Kat Elektoral).
- Si sa aplikab, fwaye ki gen timoun ki gen mwens ke 18 tan yo bay:
  - Ak de nesans, Paspò Ameriken oswa ID Eta bay pou omwen yon (1) timoun
    - Si sa aplikab, manm fwaye andikape, bay (1) youn (1) nan opsyon ki annapre yo:
      - Atestasyon Andikap Sekirite Sosyal, Lèt doktè ki deklare aplikan kalifye kòm yon moun ki andikape, Fòmilè Verifikasyon Andikap la

☐ **Prèv ou se Pwopriyetè a**

<u>Estrikti ki Konstwi nan Fason Tradisyonèl yo</u>

Prèv ou se Pwopriyetè a dwe date nan moman Ouragan Irma a (10 septanm 2017) epi se ou ki toujou rete pwopriyetè a jiskaprezan.

- Kopi Dosye Taks Pwopriyete pou Ane 2017 la (li dwe gen prèv ou te fè peman/dosye taks yo ladan)

Si nou paka verifye pou kiyès pwopriyete a ye apati de dosye taks 2017 la, n ap egzije w bay youn (1) nan sa ki annapre yo:

- Ak Garanti
- Tit an Fyèf Senp
- Domèn Vyaje/Fidisi
- Enterè abay pou 99 an antake lokatè a
- Òdonans tribinal/Jijman tribinal
- Prèv Ipotekè - (nou ka sèlman itilize l ansanm ak lòt dokiman ki montre ke se ou menm ki pwopriyetè a - li dwe date nan moman tanpèt la te frape a)
- Ak Don <u>Estrikti Lojman Fabrike/Mobil yo</u>

Prèv ou se Pwopriyetè Estrikti a dwe date nan moman Ouragan Irma a (10 septanm 2017) epi se ou ki toujou rete pwopriyetè a jiskaprezan.

- Kopi Dosye Taks Pwopriyete pou Ane 2017 la (li dwe gen prèv ou te fè peman/dosye taks yo ladan)

Si nou paka verifye pou kiyès pwopriyete a ye apati de dosye taks 2017 la (dwe presize amelyorasyon nan Kay Mobil oswa Kay Fabrike), n ap egzije w bay youn (1) nan opsyon ki annapre yo:

- Atestasyon Tit la
- Kontra Vant lan
- Atestasyon Anrejistreman an
- Atestasyon Peman Lajan Kach (avèk verifikasyon nan men yon tyès pati ki date avan evènman Ouragan Irma a)

Si estrikti a sitiye sou yon tèren kote se pa aplikan ki mèt tèren an (tankou, yon tèren yo lwe), aplikan an dwe soumèt prèv ke yo ka enstale nenpòt estrikti ranplasman pwogram lan bay sou tèren sa ki pa pou yo a.

☐ **Ajou nan tout Obligasyon Prè yo**

- Kopi relve ipotekè oswa prè a

www.RebuildFlorida.go

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

844-833-1010

**Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an**

Lis Verifikasyon Dokiman Aplikasyon an yo

Ti Lojman Alwe

*(Pwopriyete alwe ke mèt yo p ap viv ladan yo ki gen kat (4) inite oswa mwens)*

### ☐ Dokiman ki pwouve revni nan tout Inite Lojman ki gen Lokatè Ladan yo

(Chak Lokatè ki se Responsab Fanmi an dwe ranpli yo)

- Fòmilè Ankèt sou Fwaye pou chak inite ki gen moun ladan yo; AK
- Deklarasyon taks sou revni ki pi resan yo (IRS 1040, 1040A oswa 1040EZ) ki siyen epi yo te soumèt; OSWA
- Dokiman ki Pwouve Revni w:
  - Salè/Peman alè: Talon chèk pou 3 dènye mwa ki sot pase yo OSWA deklarasyon anplwayè w siyen ki di peman alè ak frekans peman an (konbyen fwa w touche lemwa).
  - Si w resevwa Avantaj piblik yo: Lèt ki dekri avantaj sekirite sosyal oswa andikap, retrèt, SSA (Administrasyon Sekirite Sosyal), TANF (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen yo), pansyon ak rant aktyèl yo (li dwe gen ladan kantite lajan avantaj la ye a).
  - Alokasyon Chomaj: Lèt oswa yon deklarasyon enprime ki dekri avantaj aktyèl yo (li dwe gen ladan kantite lajan avantaj la ye a)

### ☐ Prèv Domaj ak Enfòmasyon sou Avantaj yo

(Bay tout sa ki aplike yo)

- Enfòmasyon sou reklamasyon Asirans lan
- Lèt atribisyon FEMA a
- Lèt atribisyon SBA a (Asosyasyon Ti Biznis lan)
- Sètifikasyon Domaj yo

### ☐ Sètifikasyon ak Otorizasyon

- Fòmilè Konsantman ak Fòmilè Pataj Enfòmasyon Pèsonèl
- Sètifikasyon Rekonesans Fwòd Konsènan Fo Deklarasyon Oswa Deklarasyon Twonpez
- Fòmilè Pèmi Dwa Dantre (ROE)
- Si sa aplikab, Sètifikasyon Ranplasman nan men Mèt Kay/Mèt Pworpiyete a pou estrikti ranplasman ki sou tèren ki pa pou aplikan an.

### ☐ Prèv Tout Asirans ki Kouvri Pwopriyete ki te Sibi Domaj la yo

Si yon aplikan te gen yon asirans kont risk (dife, van, elatriye) ak/oswa asirans pou inondasyon nan moman Ouragan Irma te frape a, li dwe bay yon kopi rezime reklamasyon an (ki dekri peman estriktirèl vs. kontni yo) ki gen ladan dat reklamasyon an te fèt la, non aplikan an, adrès rezidans ki te sibi domaj la ak montan nè reklamasyon an.

- Nimewo Politik Asirans kont Risk la
- Nimewo Politik Asirans pou Inondasyon an

### Enfòmasyon Itil:

- Lis sa gen ladan dokiman ki nesesè pou w ranpli aplikasyon w lan.
- Apre ou premye soumèt aplikasyon w lan, yon Espesyalis Rekonstwi Florid pral konseye w pou nenpòt dokiman obligatwa ou bezwen anplis.
- Gen sèvis tradiksyon ki disponib atravè Sant Rekonstwi Florid la yo (ki Ouvri Lendi-Samdi 9am-5pm)
- W ap ka voye kesyon yo nan RebuildFlorida@deo.myflorida.gov
- Tout dosye yo dwe date mwa Out oswa Septanm 2017, mwa ki vini avan oswa nan mwa Ouragan Irma te frape a epi yo dwe gen menm non ak menm adrès ak pwopriyete ki te sibi domaj ki sou aplikasyon an.
- Yo pral verifye tout enfòmasyon w soumèt bay pwogram lan yo.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou sou pwogram lan yo, vizite www.RebuildFlorida.gov

**Enfòmasyon yo gendwa chanje. Dènye Revizyon: 1ye Oktòb 2019.**

www.RebuildFlorida.go | EQUAL HOUSING OPPORTUNITY | 844-833-1010

# Dokiman 3: Konfimasyon Egzanpsyon Dosye Publik

**KONFIMASYON EGZANPSYON DOSYE PIBLIK**

Aplikasyon ID#: Klike oswa tape la pou antre tèks.

Chè Mesye/Madam Klike oswa tape la pou antre tèks,

Lè w enskri nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman pou Depatman Ekonomik Opòtinite Rebuild Florida a, ou te endike ou kalifye pou yon egzanpsyon pasyèl nan lwa Dosye Piblik nan Florida. Tanpri idantifye anba a fondman legal pou egzanpsyon ou a epi si egzanpsyon an se pou ou menm, pa mari oswa madanm ou, oswa toude, si sa aplikab.

☐ Mwen kalifye pou egzanpsyon sa a epi mwen mande pou yo kenbe l kòm egzanpsyon nan limit Seksyon 119.071, Lwa Florida yo pèmèt.

Non mwen: Klike oswa tape la pou antre tèks.

☐ Konjwen mwen kalifye pou egzanpsyon sa a epi li mande pou yo kenbe l kòm egzanpsyon nan limit Seksyon 119.071, Lwa Florida yo pèmèt..

Non konjwen mwen: Klike oswa tape la pou antre tèks.

☐ Pitit mwen an (yo) kalifye pou egzanpsyon sa a epi mande pou yo kenbe l kòm egzante nan limit Seksyon 119.071, Lwa Florida yo pèmèt.

Non timoun (yo): Klike oswa tape la pou antre tèks.

Ou pa oblije sèvi ak fòm espesifik sa a pou idantifye egzanpsyon ou, sepandan, pou kenbe estati egzante enfòmasyon ou yo, Depatman an dwe resevwa yon demann alekri pou kenbe enfòmasyon an kòm egzante.

Ou ka jwenn egzanpsyon pi ba a nan Lwa Florida yo endike yo. Reklame yon egzanpsyon pa vle di tout dosye a egzante. Sa vle di, nan anpil sikonstans, adrès kay yo, nimewo telefòn yo, dat nesans yo, si sa aplikab, yo ka redije (nwase) anvan yo pibliye dosye a an repons a yon demann dosye piblik. Non yo tou egzante nan sèten sikonstans. Anvan w reklame yon egzanpsyon, tanpri revize Lwa Florida ki aplikab la pou w ka byen idantifye nenpòt egzanpsyon ki ka aplike pou enfòmasyon w yo.

Dapre Seksyon 119.071(4)(d)3., Lwa Florida, mwen mande enfòmasyon ki espesifye nan Seksyon 119.071(4)(d)2, Lwa Florida, ki konsène mwen, yo jwenn nan dosye Depatman Opòtinite Ekonomik la kenbe kòm egzante. Lè m fè demann sa a, mwen konfime mwen se yon moun ki nan Seksyon 119.071(4)(d)3., ki gen dwa pou fè yon demann konsa. Espesyalman, mwen se yon:

| | | | |
|---|---|---|---|
| ☐ Aktyèl | oswa | ☐ | Ansyen |
| ☐ Konjwen yon aktyèl | oswa | ☐ | Konjwen yon ansyen |
| ☐ Pitit yon aktyèl | oswa | ☐ | Pitit yon ansyen |

☐ Mwen pa gen dwa pou okenn nan egzanpsyon ki endike anba a

---

☐ Pèsonèl ki fè respekte lalwa ki asèmante oswa sivil, ki gen ladan ofisye koreksyonèl ak pwobasyon koreksyonèl. [§119.071(4)(d)2.a.]

☐ Envestigatè ak Depatman Timoun ak Fanmi [§119.071(4)(d)2.a.]

☐ Pèsonèl sipò ankèt ak Depatman Lasante [§119.071(4)(d)2.a.]

- ☐ Koleksyon ak ranfòsman revni oswa ranfòsman pèsonèl sipò timoun nan Depatman Revni oswa gouvènman lokal yo [§ 119.071(4)(d)2.a.]
- ☐ Pèsonèl envestigatif Depatman Sèvis Finans ki pa asèmante [§ 119.071(4)(d)2.b.]
- ☐ Pèsonèl envestigatif ki pa asèmante nan Biwo Règleman Finansye Biwo Envestigasyon Finansye yo [§ 119.071(4)(d)2.c.]
- ☐ Ponpye sètifye an konfòmite ak s.633.408 [§119.071(4)(d)2.d.] Se sèlman ki aktyèman sètifye ki elijib
- ☐ Jij oswa Jistis [§119.071(4)(d)2.e.]
- ☐ Avoka leta, asistan avoka leta, pwosekitè nan tout eta a, oswa asistan pwosekitè nan tout eta a [§119.071(4)(d)2.f.]
- ☐ Majistra jeneral, majistra espesyal, jij pou reklamasyon konpansasyon, jij lwa administratif Divizyon Odyans Administratif [§119.071(4)(d)2.g]
- ☐ Resous imen, relasyon travay, oswa direktè relasyon anplwaye, direktè asistan, manadjè, oswa asistan manadjè nan nenpòt ajans gouvènman lokal oswa distri jesyon dlo ki gen devwa yo enkli anbochaj ak revokasyon anplwaye, negosyasyon kontra travay, administrasyon, oswa lòt travay ki gen rapò ak pèsonèl. [§119.071(4)(d)2.h.]
- ☐ Ofisye ki fè respekte kòd [§119.071(4)(d)2.i.]
- ☐ Gadyen ad litem jan sa defini nan s. 39.820 [§119.071(4)(d)2.j.]
- ☐ Anplwaye Depatman Jistis Jivenil Espesifye [§119.071(4)(d)2.k.]
- ☐ Defansè piblik, asistan defansè piblik, konfli kriminèl oswa avoka rejyonal sivil, oswa asistan konfli kriminèl oswa avoka rejyonal sivil [§119.071(4)(d)2.l.]
- ☐ Envestigatè oswa enspektè Depatman Règleman Biznis ak Pwofesyonèl [§119.071(4)(d)2.m.]
- ☐ Pèseptè Taks Komin nan [§119.071(4)(d)2.n.]
- ☐ Pèsonèl Espesifye Depatman Lasante [§119.071(4)(d)2.o.]
- ☐ Konsiltan pratikan an eta afebli ke yon ajans kenbe [§119.071(4)(d)2.p.]
- ☐ Teknisyen medikal ijans ak paramedik sètifye anba chapit 401 [§119.071(4)(d)2.q.]
- ☐ Anplwaye nan biwo enspektè jeneral yon ajans oswa depatman odit entèn [§119.071(4)(d)2.r.]
- ☐ Pèsonèl espesifye etablisman tretman adiksyon [§119.071(4)(d)2.s.]
- ☐ Pèsonèl sant defans timoun ki espesifye [§119.071(4)(d)2.t.]
- ☐ Avoka Ameriken, Jij Ameriken, Majistra Ameriken [§119.071(5)(i)(1)]*
- ☐ Manm sèvis ki te sèvi apre 11 septanm,2001[§119.071(5)(k)(1)]*

** Pou kategori espesifik yo chwazi, moun nan sètifye, pa siyati sa a, ke li te fè efò rezonab pou pwoteje enfòmasyon yo pa aksesib piblikman.*

| | |
|---|---|
| ______________________ | ______________________ |
| *Siyati* | *Siyati Konjwen(si aplikab)* |
| Klike oswa tape la pou antre tèks. | Klike oswa tape la pou antre tèks. |
| *Non Alekri* | *Non Alekri* |
| Klike oswa tape la pou antre yo dat. | Klike oswa tape la pou antre yo dat. |
| *Dat* | *Dat* |

# Dokiman 4: Fòmilè Otosètifikasyon Reparasyon yo

## FÒMILÈ OTOSÈTIFIKASYON REPARASYON YO

Nimewo ID Aplikasyon an: ________________

Kandida k ap aplike pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la yo (yo refere la kòm "Pwogram lan"), ki te itilize Debloubleman Prestasyon (oswa DOB) pou reparasyon elijib pwopriyete ki te sibi domaj yo ka mande yo konpanse yo pou depans DOB yo. Yo ka itilize revizyon resi ki montre kantite fon DOB yo te depanse aprè dat tanpèt la (ki te 10 septanm 2017) ak avan enspeksyon evalyasyon dega yo pou konpanse yo pou DOB a, epi redui kantite DOB ke yo ap aplike sou kantite konpansasyon y ap bay pou reparasyon an. Pou aplikan yo ka jwenn yon revizyon resi, yo dwe bay evidans ki montre tout reparasyon yo ak prèv peman ki koresponn ak reparasyon sa yo. Si yon aplikan gen sèlman resi/prèv pasyèl pou peman yo oswa yo pa gen resi/prèv peman yo, pwogram lan ka itilize rapò Estimasyon Reparasyon ki Fini yo pou dokimante reparasyon ki fini yo epi estime kantite lajan yo te depanse.

**EGZANP ATIK KI ELIJIB YO**

- Aparèy elektwomenaje esansyèl yo (tankou Frijidè, Fou, Lav-vesèl, Aparèy Chofaj Dlo)
- Plaka
- Netwayaj
- Demolisyon
- Pòt yo
- Mi Plak an Plat
- Aparèy Elektrik
- Ekipman yo lwe
- Planche (atè)
- Fondasyon (sòl)
- Chofaj, Vantilasyon, Klimatizasyon (HVAC)
- Izolasyon
- Ekleraj
- Eliminasyon Mwazisi (limon)
- Penti
- Pèmi
- Plonbri
- Aparèy Plonbri
- Twati (reparasyon tèt kay)
- Volè (nan fenèt)
- Revètman
- Fenèt twati
- Eskalye
- Bòdi
- Fenèt yo

**EGZANP ATIK KI PA ELIJIB YO**

- Manje, rad, atik menaje yo
- Aparèy elektwomenaje ki pa esansyèl yo (tankou fou mikwowond (maykwoweyv), machin a lave, sechwa)
- Alam/sistèm sekirite yo
- Kloti oswa remiz yo
- Peyizaj lakou
- Jounen travay yo peye ak lajan kach
- Zouti yo
- Remòk a plato yo
- Prim asirans yo
- Pisin/jakouzi, sona yo

**OTOSÈTIFIKASYON POU REPARASYON YO TE FÈ NAN PWOPRIYETE KI TE SIBI DOMAJ LA**

☐ Mwen gen tout kopi resi ak prèv peman pou reparasyon yo.

➢ *Ou dwe ranpli 2yèm paj la epi anekse tout kopi lijib tout resi ak prèv peman yo.*

☐ Mwen gen sèlman kopi resi ak prèv peman pasyèl pou reparasyon yo oswa mwen pa gen okenn kopi resi ak prèv peman pou reparasyon yo.

➢ *Ou dwe ranpli 2yèm paj la avèk deklarasyon otosètifikasyon ak estimasyon total reparasyon yo sèlman. Pa anekse okenn kopi resi oswa prèv peman.*

**SIYEN LA:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Aplikan an Siyen la | Dat | Ko-Aplikan an Siyen la | Dat |
| Non Aplikan An Lèt Detache | | Non Ko-Aplikan An Lèt Detache | |

| DEPANS REPARASYON YO | | | | |
|---|---|---|---|---|
| # | Dat Reparasyon/Resi a | Non Magazen oswa Kontraktè/Deklarasyon Otosètifikasyon an | Kantite Total Atik Elijib (yo) | Prèv Peman |
| 1 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 2 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 3 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 4 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 5 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 6 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 7 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 8 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 9 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 10 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 11 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 12 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 13 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 14 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 15 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 16 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 17 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 18 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 19 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| 20 | | | $ | ☐ Wi ☐ Non |
| *Mande yon Fich Siplemantè si w bezwen plis liy pou w ekri.* | | | **TOTAL*** $ | |

**Kòmantè yo:**

**Konte kantite ki nan Fich Siplemantè a tou, si sa aplikab.*

# Dokiman 5: Avi sou Apèl Rekou Enfòmèl

RebuildFlorida.gov
844-833-1010

**DEPATMAN OPÒTINITE EKONOMIK FLORID LA (DEO)**

**PWOGRAM REPARASYON AK RANPLASMAN LOJMAN REKONSTWI FLORID LA**

**SIKLÒN IRMA**

**AVI SOU APÈL REKOU ENFÒMÈL**

| | |
|---|---|
| **# ID APLIKAN AN** | |
| **Non Mèt Pwopriyete a** | |
| **Adrès Pwopriyete ki te Sibi Domaj la** | |
| **Vil, Eta, Kòd Postal** | |
| **Adrès Postal (si l diferan):** | |
| **Nimewo Telefòn** | |
| **Adrès imèl** | |

**Demann Apèl Rekou Enfòmèl:** Tanpri aksepte demann pou yon apèl enfòmèl mwen vle fè oprè Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an. Mwen ta renmen Depatman revize ka mwen an konsènan kesyon ki annapre yo:

________ Refi aplikasyon baze sou egzijans elijiblite yo

________ Refi aplikasyon baze sou evalyasyon dega a

________ Refi aplikasyon baze sou revizyon anviwònmantal la

________ Lòt (Tranpri presize): ____________________________________________

☐ W ap jwenn dokiman ki annapre yo anekse/telechaje pou sipòte rezon ki fè m ap fè apèl rekou a (si aplikab)

**Sonje:** Yo dwe fè apèl rekou enfòmèl yo nan lespas 30 jou kalandè apati de dat lèt detèminasyon elijiblite a. Y ap baze dat depozisyon an sou kachè lapòs la oswa, si yo voye l pa faks, sou dat ki make sou tenb apèl rekou enfòmèl DEO te resevwa. Voye apèl rekou enfòmèl la pa imèl bay: CDBG- DRAppeals@deo.myflorida.com oswa soumèt li pa lapòs nan adrès ki annapre a:

Atansyon: Office of Disaster Recovery, Appeals Lead
Florida Department of Economic Opportunity
Division of Community Development
107 East Madison Street
Caldwell Building, MSC 160
Tallahassee, FL 32399

________________________ ________________________

Pwopriyetè Kay/Siyen la Dat

Florida Department of Economic Opportunity | Caldwell Building |
107 E. Madison Street | Tallahassee, FL 32399
850.245.7105 | www.FloridaJobs.org www.twitter.com/FLDEO
|www.facebook.com/FLDEO

Yon anplwayè/pwogram òpòtinite egal. Gen èd oksilyè ak sèvis ki disponib pou Moun ki gen andikap yo lè yo mande. Moun k ap itilize ekipman TTY/TTD yo atravè Sèvis Transmisyon Florid la nan 711 kapab itilize tout nimewo telefòn vwa ki nan dokiman sa yo.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

# Dokiman 6: Sa pou w Konnen Avan w Vann

RebuildFlorida.gov
844-833-1010

## SA POU W KONNEN AVAN W VANN

RANPLI APLIKASYON AN › REVIZYON ELIJIBLITE › EVALYASYON DEGA YO AK VANT POTANSYÈL LA › REVIZYON PRIM SIBVANSYON AN › SIYEN PRIM SIBVANSYON AN

### 1

### REVIZE PRIM OU AN AK ANPIL ATANSYON

Ou dwe fè apèl rekou enfòmèl yo nan pwogram Rekonstwi Florid la **AVAN** ou siyen Akò Sibvansyon an nan moman vant lan fèt la. Yo dwe soumèt tout apèl rekou enfòmèl yo nan yon delè 30 jou kalandè apati de dat lèt detèminasyon elijiblite a ak avi pou fè apèl rekou a. Yon fwa yo fin fè odyans apèl la, y ap distribiye desizyon yo pran sou rezilta Apèl Enfòmèl la. Nenpòt moun ki gen enterè konsiderab ke detèminasyon pwogram Rekonstwi Florid la te afekte gen opòtinite pou yo mande yon odyans administrativ nan Divizyon Odyans Administrativ la, konfòmeman ak seksyon 120.569, Lwa Florid la yo. Gen plis enfòmasyon sou pwosesis apèl rekou a ki disponib sou sitwèb pwogram Rekonstwi Florid la: RebuildFlorida.gov

Pandan pwosesis aplikasyon an, ou te verifye ke se ou menm ki toujou mèt pwopriyete ki sibi domaj la epi ou pa te transfere tit li ni w pa te resevwa avi defayans oswa konfiskasyon ki gen rapò ak taks, ipotèk, oswa tit pwopriyete a avan w te resevwa yon prim sibvansyon. Anplis de sa, pwogram Rekonstwi Florid la egzije pou w kontinye kenbe tit pwopriyete a pandan tout dire patisipasyon w nan pwogram lan.

### 2

### AVANTAJ DOUB YO (DOB)

Lwa sou Sekou aprè Katastwòf ak Asistans Ijans Robert T. Stafford la entèdi tout moun resevwa fon asistans federal pou katastwòf pou menm objektif ak fon yo te resevwa avan yo. Yo defini Avantaj Doub yo (DOB) kòm nenpòt fon ki disponib ak/oswa yo resevwa nan men Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA), asirans (prive oswa Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon an (NFIP), Asosyasyon Ti Biznis lan (SBA) oswa nenpòt lòt sous finansman ke yo prevwa itilize pou reparasyon oswa ranplasman lojman an.

Yo te egzije w sètifye ke w te rapòte tout sous DOB yo pandan pwosesis aplikasyon an. Y ap revize sa a pandan verifikasyon elijiblite a, avan egzekisyon Akò Sibvansyon an, epi ankò avan yo fèmen dosye a. Lè w akspete prim lan, ou dakò ke ou pral rapòte nenpòt fon doub ou resevwa bay pwogram lan kèlkeswa lè w te resevwa l epi ou pral siyen yon Akò Sibstitisyon. Si w te resevwa fon adisyonèl avan w te vann pwopriyete a, pwogram lan pral rekalkile prim ou an epi y ap ba w enstriksyon pou fè w konnen si y ap retire kantite sa a nan prim lan, oswa si w dwe remèt pwogram lan kantite sa a kòm ranbousman.

| EGZANP KALKIL SIBVANSYON AN | |
|---|---|
| **Depans Reparasyon Elijib yo** | $95 000 |
| Avantaj Doub yo | |
| • Asistans FEMA pou reparasyon estriktirèl yo | $20 000 |
| • Asirans Prive pou reparasyon estriktirèl yo | $35 000 |
| **Kantite Total Avantaj Doub yo** | $55 000 |
| **Prim Sibvansyon Elijib Maksimòm** | $40 000 |

### 3

### DIFERANS FINANSMAN DOB (SI APLIKAB)

Si w te resevwa oswa yo te apwouve pou w resevwa finansman nan lòt sous (tankou FEMA oswa SBA) pou w repare kay ou ke tanpèt la te andomaje a, lwa federal la egzije pou pwogram Rekonstwi Florid la retire fon sa yo nan kantite prim w ap resevwa pou anpeche yon DOB. Yo konn rele kantite finansman doub ke yo pa kapab enkli nan prim sibvansyon w lan yon Diferans DOB. Si w gen yon Diferans DOB, ou dwe voye Fon Diferans DOB a bay pwogram Rekonstwi Florid la pou yo ka depoze l nan yon kont eta a jere. Pwojè w la pap avanse al nan faz konstriksyon an pazavan pwogram lan resevwa Fon Diferans DOB yo, yo depoze yo epi yo ankese yo. Yo melanje fon sa yo ak fon sibvansyon pwogram lan yo pou yo asire yo ka konplètman finanse ak konplete pwojè reparasyon/rekonstriksyon yo. Y ap depanse tout finansman ki soti nan Finansman Diferans DOB yo an premye, avan yo itilize fon pwogram lan yo. Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) gendwa sijè a sanksyon sivil oswa kriminèl daprè 18 U.S.C. 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729.

Yo dwe peye tout Fon Diferans DOB yo ak yon chèk labank oswa yon manda postal (money order) epi yo dwe tabli l nan non Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la. Ou dwe mete ID Aplikasyon w lan nan memo chèk sètifye a pou rezon swivi ak woutaj. Ou ka pote Fon Diferans DOB yo nan Sant Admisyon an an pèsòn OSWA voye l pa lapòs nan adrès ki annapre a: **Rebuild Florida Housing Repair and Replacement Program, Attn: DOB Gap Funding, 124 Marriott Drive, Suite 105, Tallahassee, Florida 32301**.

FLORIDA DEPARTMENT of ECONOMIC OPPORTUNITY
EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

4

### EGZIJANS ASIRANS INONDASYON YO

Si estrikti w la sitiye nan yon Zòn ki gen Risk Inondasyon Espesyal, li ap obligatwa pou w kenbe asirans inondasyon estriktirèl kòmsadwa pandan TOUT peryòd la. Daprè Lwa sou Refòm Asirans Inondasyon Nasyonal 1994 la, si w pa kenbe asirans inondasyon an aktiv sou pwopriyete ki sibi domaj la, sa ap rann ou inelijib pou asistans federal pou rekiperasyon aprè katastwòf alavni.

Si w gen asirans inondasyon, ou dwe soumèt prèv ki montre w gen asirans inondasyon oswa yon lèt refi (si inite a pa asirab paske l an movèz eta) avan w siyen Akò Prim Sibvansyon w lan. Kantite ki nan politik asirans lan dwe mwens pase swa: a) montan asirab total estrikti a jan konpayi asirans byen konsène a detèmine, oswa b) kantite maksimòm ki disponib pou estrikti a daprè Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la, oswa yon pwogram siksesè. Y ap baze montan asirab total estrikti a sou pri total pwojè Pwogram lan ap koute pou Aplikan an.

Pwogram Rekonstwi Florid la pral peye pou yon ane asirans inondasyon si w pa gen asirans inondasyon aktyèlman epi si w pa te resevwa asistans federal avan. Ou responsab pou w chache jwenn, peye ak mentni tout prim asirans inondasyon apre premye ane a.

- Si pwopriyete w la sitiye nan yon plèn inondab santenal (100 tan), li ap obligatwa pou w mentni asirans inondasyon aktiv pou toutan epi ou dwe avize nouvo pwopriyetè yo de egzijans asirans inondasyon yo.

### DOKIMAN KI GENDWA OBLIGATWA NAN LÈ LAVANT LAN

- ID Leta pou w Prouve Prezans ou Legal
- Enfòmasyon Revni Ajou (si gen 12 mwa ki pase deja depi lè yo te fè verifikasyon an)
- Prèv Asirans Inondasyon Aktiv si gen yon politik ki deja an plas (aplikan ki nan Zòn Inondasyon yo)
- Ankèt sou Lokatè/URA (Idantifye bezwen pou Avi GIN ak "Anmenajman" (Si sa aplikab)
- Chèk Finansman Diferans DOB
- Pwokirasyon (si sa aplikab)
- Fòmilè Finisman Pwogram lan yo

5

### EGZIJANS SITWAYÈNTE

Yo ka ofri finansman sibvansyon federal sèlman bay sitwayen ameriken oswa moun ki prezan legalman nan Etazini. Sèlman sitwayen ameriken oswa etranje kalifye yo (pa egzanp moun ki gen rezidans, refijye) ki elijib pou yo resevwa asistans nan kad Pwogram lan. Yon etranje ki pa yon "etranje kalifye" jan Lwa sou Responsablite Pèsonèl ak Rekonsilyasyon Opòtinite Travay 1996 la (“PRWORA”)"defini an pap elijib pou okenn "avantaj federal piblik." Y ap verifye estati sitwayènte nan moman lavant lan.

6

### KONSTRIKSYON

Pwogram Rekonstwi Florid la te devlope yon Estime Kad Travay (SWE) ki baze sou dega yo te obsève pandan Pwogram lan t ap fè enspeksyon nan kay ou a. Montan SWE a baze sou materyèl kategori estanda/ekonomi ak pri mendèv nòm endistri a yo. Yo dwe konplete tout atik ki nan SWE a yo. Si w pa dakò ak materyèl kategori estanda/ekonomi yo (tout oswa yon pati ladan), lè sa ou gendwa kite pwogram lan. Pwogram lan pap pèmèt ou aksepte yon pati nan prim sibvansyon an.

Apre w fin vann pwopriyete a, yon kontraktè pwogram Rekonstwi Florid la apwouve pral kowòdone avèk ou pou yo kòmanse konstriksyon an. Si jiridiksyon oswa minisipalite lokal ou a te ba w yon Lèt Dega Sibstansyèl (SDL), oswa yon Lèt Amelyorasyon Sibstansyèl (SIL) pou kay ou a, li obligatwa daprè SDL oswa SIL la pou w fè kay ou a vin konfòm ak kòd konstriksyon Florid la, ki gendwa gen ladan elvasyon, rekonstriksyon oswa demolisyon kay ou a. Ou dwe bay Pwogram lan yon kopi SDL oswa SIL ou a (si sa aplikab) avan w siyen akò sibvansyon w lan. Si w pa fè yo konnen enfòmasyon sa a, sa ka lakoz ou inelijib pou sibvansyon ak/oswa anpeche w rekipere fon federal yo te devèse avan yo.

Si SWE a egzije pou w kite kay la pandan peryòd konstriksyon an, yo atann pou w retire tout byen pèsonèl ou yo nan kay ou a nan dat oswa avan dat yo espesifye nan akò kontraktè w la. Si yo demenaje nenpòt lokatè, y ap ba yo avantaj demenajman konfòmeman ak Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA) ak tout egzijans, restriksyon ak/oswa egzansyon ki asosye yo dekri nan Avi Rejis Federal (yo), gid federal ki preskri yo ak URA menm.

Enspeksyon Finisman Sibstansyèl Pwogram lan ap fè a ap dènye enspeksyon y ap fè pou garanti ke tout travay yo fèt nan fason satisfezan daprè kòd ak estanda eta oswa lokal yo kòmsadwa. L ap plis konfime ke tout fòs aplikasyon kòd konstriksyon ak enspektè tyès pati yo te aksepte travay la, epi ke kay la satisfè tout estanda Pwogram lan yo. Yo dwe fè yon egzamen pou asire pa gen penti ki a baz plon (si sa aplikab), ansanm ak prèv asirans inondasyon ak/oswa elvasyon apwopriye (si sa aplikab) yo dwe dokimante pou yo ka fèmen aplikasyon w lan.

7

### ESTANDA BILDING EKOLOJIK YO

Reparasyon y ap fè nan kay ki te sibi domaj sibstansyèl yo pral konfòm ak Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojib HUD CPD a nan mezi sa posib. Tout amelyorasyon sibstansyèl, rekonstriksyon oswa nouvo konstriksyon yo dwe satisfè nòm yo rekonèt nan endistri a yo ki te atenn sètifikasyon daprè omwen youn nan pwogram ki annapre yo: (1) ENERGY STAR (Kay Sètifye oswa Bilding Miltifamilyal a Plizyè Etaj), (2) EPA Indoor Air Plus (Energy Star se yon kondisyon preyalab), (3) LEED (Nouvo Konstriksyon, Kay yo, Bilding Wotè Mayèn yo, Operasyon ak Antretyen Bilding ki la Deja yo, oswa Devlopman Katye), oswa Estanda Bilding Ekolojik Nasyonal (4) ICC–700 an.

# Dokiman 7: Sa pou w Konnen Avan w fè apèl Rekou

RebuildFlorida.gov
844-833-1010

## SA POU W KONNEN AVAN W FÈ APÈL REKOU

### APÈSI

Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la bay aplikan yo opòtinite pou yo fè apèl rekou si yo pa dakò ak desizyon pwogram lan pran yo. Ou elijib pou w fè apèl rekou sèlman apre ou te resevwa yon detèminasyon ofisyèl konsènan estati elijiblite w ak prim sibvansyon korespondan an (si aplikab), epi avan w te siyen akò sibvansyon ou an.

- Aplikan yo dwe soumèt apèl rekou yo alekri nan yon delè 30 jou kalandè apati de dat ki sou lèt doktwa sibvansyon yo a oswa lèt detèminasyon elijiblite yo a.
- Ekip apèl rekou a aplike politik pwogram ki an vigè yo sèlman epi yo pa ka ale andeyò de politik sa yo pou yo pran yon desizyon.

### PREPARASYON POU FÈ APÈL REKOU

Antanke aplikan an, se responsablite w pou w sipòte ka w la. Sa vle di ou dwe chwazi yon rezon espesifik ki fè w ap fè apèl rekou a, asire w soumèt tout dokiman sipò nan moman w ap fè apèl rekou a epi asire ekip apèl rekou a gen tout sa yo bezwen pou yo fè yon revizyon apwofondi. Ekip apèl la pa responsab pou yo kolekte oswa mande dokiman ki manke yo ni mande plis enfòmasyon.

Ou ka fè apèl rekou pou rezon ki annapre yo.

| REZON | EGZANP |
|---|---|
| **Refi aplikasyon mwen an baze sou egzijans elijiblite yo** | Posesyon Pwopriyete a, Moun ki nan Kay la, Nivo Dega, Pa Konfòm sou plan Asirans Inondasyon, elatriye. |
| **Refi aplikasyon mwen an baze sou tip estrikti mwen an** | Apatman, Estrikti Detache, Pòsyon yon Estrikti Rezidansyèl yo Dedye a yon Biznis nan Kay, elatriye. |
| **Kantite Sibvansyon mwen resevwa pou fè amenajman, elvasyon, oswa rekonstriksyon kay mwen an** | Estati (revini/kantite moun ki gen nan kay la) Revni Fèb ak Modere (LMI), Responsablite Depo Fidisyè/Mèt Kay la, SBA, FEMA, Asirans Prive, NFIP, Lòt Finansman DOB yo |
| **Egzijans pou rekonstwi kay mwen an** | Pri yo Estime Reparasyon yo ap Koute, Kad Travay la |
| **LÒT** | Inelijib Avan Soumisyon Aplikasyon an, Inelijib Akoz Ou pa Reponn |

### APÈSI PWOSESIS LA

Yon anplwayè/pwogram ki bay menm chans. Gen èd oksilyè ak sèvis ki disponib pou moun ki gen andikap lè yo mande. Tout nimewo telefòn vwa ki nan atravè SèvisTransmisyon Florid la nan 711 kapab sèvi ak tout nimewo telefòn vwa ki nan dokiman sa a yo.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

# Dokiman 23: Lèt Detèminasyon Benefis Ranplasman Modilè

RebuildFlorida.gov
844-833-1010

DAT
ID

Chè (PREMYE NON):

Rebuild Florida pral repare, rekonstwi, oswa ranplase pwopriyete Siklòn-Irma ki andomaje pou pwopriyetè kay ki kalifye yo ak pwopriyetè lokasyon yo. Yo te revize aplikasyon w lan epi yo evalye pwopriyete w la kòm yon pati nan pwosesis pou detèmine benefis ou pral resevwa. Nou te detèmine ke pwopriyete w la elijib pou Ranplasman ak yon kay modilè Paske laj kay mobil ou a gen plis pase senk ane oswa pri pou repare kay mobil ou a se $15,000 oswa plis AK kay mobil ou a nan yon zòn inondasyon ak yon egzijans elevasyon ki depase wotè akseptab yon kay mobil dapre règleman pwogram lan.

Pwochen etap la nan pwosesis Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman (HRRP) se pral asinyea pwogram nan yon kontraktè konstriksyon pou travay sou pwopriyete w la ak pwogram detèminasyon kantite lajan final sibvansyon w lan. N ap fè w konnen lè sa a fini epi n ap kontakte w pou w planifye yon reyinyon pou siyen yon akò sibvansyon. Ou pral jwenn enfòmasyon kontak kontraktè ou a, ansanm ak enfòmasyon sou pwojè a ak delè nan moman ou egzekite akò sibvansyon ou a.

Si ou te resevwa asistans anvan katastwòf pou repare domaj Siklòn Irma, Rebuild Florida dwe pran lajan sa yo an kont lè yo detèmine kantite sibvansyon final ou a. Nenpòt asistans anvan ki pa ka dokimante kòm li te depanse pou reparasyon estrikti w la oswa pou yon lòt itilizasyon elijib yo pral evalye kòm yon Diplikasyon Benefis yo. Si yo evalye Benefis yo double, sa ka lakòz yon egzijans pou ou kontribye finansman pou konplete reparasyon, rekonstriksyon, oswa ranplasman pwopriyete w la. Si sa aplikab, w ap oblije soumèt finansman sa a nan moman ou egzekite akò sibvansyon ou a. Lajan sa yo pral kenbe nan yon kont depo pou benefis ou. Rebuild Florida ap itilize lajan konfiske sa yo ou pou peye pou pwojè w la anvan ou peye nenpòt lajan sibvansyon nan non w.

Si w pa dakò ak benefis yo ofri w la, ou ka fè apèl kont desizyon an oswa w retire nan pwogram nan. Nou mete pwosedi apèl Rebuild Florida kòm yon atachman nan lèt sa a si ou vle fè apèl.

Florida Department of Economic Opportunity | Caldwell Building |
107 E. Madison Street | Tallahassee, FL 32399
850.245.7105 | www.FloridaJobs.org
www.twitter.com/FLDEO |www.facebook.com/FLDEO

Yon anplwayè/pwogram ki garanti egalite nan opòtinite. Èd oksilyè ak sèvis yo disponib sou demann pou Moun ki gen andikap. Moun k ap itilize ekipman TTY/TTD yo kapab kontakte tout nimewo telefòn vwa ki nan dokiman sa a atravè Sèvis Relè Florida nan 711.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

# Dokiman 24: Lèt Detèminasyon Benefis Reyabilitasyon Miltifanmi

RebuildFlorida.gov
844-833-1010

(DAT)

Chè [Premye Non]:
[METE ADRÈS PWOPRIYETE KI DOMAJE A]
[ANTRE NON PHA A]

Rebuild Florida pral repare, rekonstwi, oswa ranplase pwopriyete Siklòn-Irma te domaje yo pou pwopriyetè kay ki kalifye yo ak pwopriyetè pwopriyete pou lokasyon yo. Yo te revize aplikasyon ki te soumèt la epi yo evalye pwopriyete ki andomaje yo kòm yon pati nan pwosesis pou detèmine benefis yo dwe akòde. Nou detèmine pwopriyete ki domaje a elijib pou Reyabilitasyon paske pri reparasyon ki kalifye yo rezonab dapre direktiv pwogram yo.

Dapre règleman Pwogram yo ki disponib sou RebuildFlorida.gov, yo te jije inite sa yo ki nan aplikasyon miltifamilyal ou a elijib:

- [lis konplè nimewo inite ki kalifye yo]

Yo te jije inite sa yo pa kalifye:

- [lis konplè nimewo inite ki pa kalifye yo]

Pwochen etap nan pwosesis Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman (HRRP) an se pral asiyasyon yon kontraktè konstriksyon pwogram yon pou travay sou pwopriyete a ak detèminasyon kantite lajan final sibvansyon pwogram nan. N ap fè w konnen lè sa a fini epi n ap kontakte w pou w planifye yon reyinyon pou siyen yon akò sibvansyon. Ou pral jwenn enfòmasyon sou pwojè a ak delè yo nan moman akò sibvansyon an egzekite.

Si pwopriyete miltifamilyal la te resevwa asistans anvan katastwòf pou repare domaj Siklòn Irma, Rebuild Florida dwe pran lajan sa yo an kont lè yo detèmine kantite sibvansyon final la. Nenpòt asistans anvan ki pa ka dokimante kòm li te depanse pou reparasyon estrikti a oswa pou yon lòt itilizasyon elijib pral evalye kòm yon Benefis Doub. Si yo idantifye Benefis ki Double, sa ka lakòz yon egzijans pou pwopriyetè pwopriyete a (yo) kontribye finansman pou konplete reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman pwopriyete a. Si sa aplikab, yo pral mande pou soumèt finansman nan moman akò sibvansyon an ap egzekite. Yo pral kenbe lajan sa nan yon kont leta ap jere pou benefis ou. Rebuild Florida ap itilize lajan sa yo pou peye pou pwojè a anvan li peye nenpòt lajan sibvansyon nan non pwopriyetè pwopriyete a (yo).

Si gen dezakò ak benefis yo ofri a, gen yon opsyon pou ranpli yon rekonsiderasyon ki baze sou desizyon an oswa soti nan pwogram nan. Inite yo detèmine ki pa elijib yo pral jwenn dwa pou fè apèl kont detèminasyon pwogram yo pa kalifye yo.

Florida Department of Economic Opportunity | Caldwell Building |
107 E. Madison Street | Tallahassee, FL 32399
www.FloridaJobs.org
www.twitter.com/FLDEO |www.facebook.com/FLDEO

Yon anplwayè/pwogram ki garanti egalite nan opòtinite. Èd oksilyè ak sèvis yo disponib sou demann pou Moun ki gen andikap. Moun k ap itilize ekipman TTY/TTD yo kapab kontakte tout nimewo telefòn vwa ki nan dokiman sa a atravè Sèvis Relè Florida nan 711.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

# Dokiman 25: Avi Resepdyon Prim lan

RebuildFlorida.gov
844-833-1010

**Avi Resepsyon Prim lan** **[insert written date]**

[Insert Name]
[Insert Address Line 1]
[Insert Address Line 2]
[Insert City, State, Zip]

[Insert ID]

Chè [Insert Name]:

Baze sou enfòmasyon ou te bay Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman (HRRP) Rekonstwi Florid la an rapò avèk aplikasyon w lan, Pwogram lan te detèmine elijiblite aplikasyon w lan epi yo te kalkile prim potansyèl ou ka resevwa. Lèt notifikasyon atribisyon sa a gen ladan detèminasyon atribisyon final ou a ak yon tablo kalkil ki eksplike atribisyon w lan.

| **Enfòmasyon sou Pwogram lan** | |
|---|---|
| Revni Fwaye a | |
| Kantite Moun ki gen nan Fwaye a | |
| Pousantaj AMI | |
| Tip Estrikti ki te Sibi Domaj la | |
| % Domaj la | |
| Kantite Avantaj | |
| **Lòt Asistans Ou Resevwa** | |
| FEMA IA | |
| SBA | |
| Asirans Abitasyon pou Pwopriyetè a | |
| Asirans Inondasyon | |
| ICC | |
| Òganizasyon San Bi Likratif/Lòt | |
| **Aktivite Elijib ki Admisib yo** | |
| **Defisi Finansman DOB Obligatwa nan Moman Vant lan** | |

FLORIDA DEPARTMENT of ECONOMIC OPPORTUNITY

Florida Department of Economic Opportunity | Caldwell Building |
107 E. Madison Street | Tallahassee, FL 32399
www.FloridaJobs.org
www.twitter.com/FLDEO |www.facebook.com/FLDEO

An equal opportunity employer/program. Auxiliary aids and service are available upon request to Individuals with disabilities. All voice telephone numbers on this document may be reached by persons using TTY/TTD equipment via the Florida Relay Service at 711.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

**ENFÒMASYON PWOGRAM lan**

**<u>KONPRANN ATRIBISYON OU AN</u>**

**REYABILITASYON**

Y ap repare kay ou a dapre kòd konstriksyon ak estanda ki aplikab yo epi li pral gen ladan pakè Pwogram Estanda Konstriksyon Kay Rezilyan an, ki gen ladann ranplasman do kay la ak ranplasman fenèt ak pòt eksteryè, jan sa aplikab.

**REKONSTRIKSYON**

Y ap demoli, retire kay ou a, epi ranplase l a ak yon nouvo inite lojman sou menm tèren an, ak nan menm anprint la. Kantite inite ki sou tèren an pa ka ogmante. Inite lojman ranplasman an pral gen yon gwosè estanda jan pwogram nan detèmine epi li ka pa koresponn ak kantite chanm oswa konsepsyon kay ou a. Nouvo kay la pral varye nan gwosè ant 775 pye kare ak 2,058 pye kare an fonksyon de kantite chanm ki nesesè pou sipòte kantite manm nan fanmi an.

**RANPLASMAN INITE KAY MOBIL**

Si kay ou a se yon inite kay mobil, Pwogram nan pral ranplase inite a si pri pou fè reparasyon yo se $ 15,000.00 oswa plis, oswa si inite w la gen plis pase senk ane. Yo ka ranplase Inite kay mobil ou a ak yon inite modilè si w ap viv nan yon plèn inondasyon, siw posede tè kote w ap viv la epi kondisyon elevasyon yo ta nan bezwen pou elevasyon plis pase wotè enstalasyon estanda twa pye yo. Reparasyon inite kay mobil oswa asistans pou ranplasman an note nan Tablo Prim ki endike anwo a. Yo bay espesifikasyon ak plan pou etaj pou moun ki aplike k ap resevwa yon ranplasman inite kay mobil anvan menm yo ranplase inite an.

Pri reyabilitasyon ak rekonstriksyon, jan sa aplikab, pral konfòme yo ak Estanda Konstriksyon Ekolojik yo jan sa dekri nan Rejis Federal (FR) 6066-N-01.

**<u>ESTIMASYON YO</u>**

An rapò ak kalkil prim ou an, evalyatè dega Pwogram lan yo te fè yon enspeksyon nan kay ou a epi yo te tabli yon lis dega ki elijib pou reparasyon, ansanm ak reparasyon yo te deja fè nan kay ou a epi ki ka kalifye pou rediksyon DOB

Pwogram lan kreye tou yon estimasyon pou rekonstriksyon pou tout kay yo kote gen rès reparasyon nesesè ki toujou rete pou yo fè. Sa ap pèmèt Pwogram lan detèmine si pri reparasyon kay la rezonab oswa si li pi rantab pou n rekonstwi kay la nèt pito. Kont estimasyon rekonstrikshyon pou mendèv ak materyèl k ap nesesè pou konstwi yon kay ki prèske menm gwosè ak materyèl modès, ki nan yon pri rezonab. Yo pa konsevwa Pwogram lan pou yo peye w pou w ranplase yon kay pèsonalize oswa semi-pèsonalize.

**Pousantaj Dega:** Pousantaj relatif la egal a estimasyon reparasyon w lan ap koute a divize pa estimasyon rekonstriksyon an, epi y ap miltipliye kosyan pa 100. Se konsa pwogram lan ap konpare pri reparasyon kay ou a ak pri rekonstriksyon yon kay modès ki mezire prèske menm kantite pye kare.

2

Nou itilize Pousantaj Dega pou n chwazi avantaj ki nan pri ki pi rezonab la—reparasyon oswa rekonstriksyon.

- Si Pousantaj Dega a egal oswa mwens pase 75% montan rekonstriksyon an, l ap plis nan avantaj ou pou w fè reparasyon.
- Si Pousantaj Dega a egal oswa plis pase 75% montan rekonstriksyon an, l ap plis nan avantaj ou pou w rekonstwi oswa ranplase kay la depandaman de ki kalite estrikti ou genyen.

Estimasyon sa yo bay yon premye baz pou yo kalkile prim ou an. Nou te evalye tou sous finansman ki te disponib pou yo nan men FEMA, NFIP, SBA, asirans prive, ak lòt sous ki klèman dekri ke se pou reparasyon kay ou a. Yo konsidere fon sa yo, daprè lalwa federal kòm DOB epi yo dwe retire yo nan prim ou an amwenske ou ka demontre ke w te itilize fon sa yo pou w fè reparasyon an nan kay ou a oswa pou lòt itilizasyon elijib.

Lalwa federal entèdi Pwogram lan bay yon dezyèm sous asistans finansman pou menm objektif reparasyon ak fon FEMA, NFIP, SBA, asirans prive, elatriye te deja mete disponib. Lèt sa a pral eksplike w, an plis detay, fason nou te kalkile prim ou an. Enfòmasyon ki gen nan lèt sa pa chanje okenn règleman pwogram lan yo. Politik Pwogram lan yo nan direktiv HRRP Rekonstwi Florid la. Tanpri sonje revize epi konprann politik aktyèl Pwogram lan yo ansanm ak egzanp akò sibvansyon (yo) w ap jwenn sou sit wèb nan http://floridajobs.org/rebuildflorida. W ap bezwen siyen akò sibvansyon w lan nan moman egzekisyon sibvansyon an avan pwogram Rekonstwi Florid la kòmanse travay konstriksyon nan kay ou a.

Fèy kalkil prim ou an gen ladan kat (4) seksyon prensipal:

1. **Enfòmasyon sou Pwogram lan:** Dekri faktè yo ki gen ladan analiz sou revni fwaye w, kantite moun ki gen nan fwaye w, analiz sou Revni Medyan Fwaye a, tip estrikti ki te sibi domaj la, pousantaj dega yo obsève, ak kalifikasyon w pou avantaj la (reyabilitasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman).
2. **Lòt Asistans Ou Resevwa:** Bay detay sou dedomajman ou te resevwa pou w repare dega ki te fèt nan pwopriyete w la avèk nan men lòt sous finansman tankou FEMA, NFIP, SBA, asirans prive, ak lòt sous yo. Y ap retire montan sa a nan monte Òf Konstriksyon an avan. DOB yo ka lakoz yo pa bay finansman prim yo kote ou ka bezwen itilize Defisi Finansman DOB a avan w ka jwenn aksè a fon pwogram Rekonstwi Florid la yo.
3. **Aktivite Elijib ki Admisib yo:** Yo ka dokimante valè total itilizasyon elijib avantaj aprè katastwòf ou te resevwa avan yo swa pa mwayen enspeksyon oswa pa mwayen resi yo. Sa a se montan lajan ou te depanse nan reparasyon oswa lòt depans elijib apati lòt fon asistans aprè katastwòf ou te resevwa avan. Pwogram lan itilize montan sa a pou yo konpanse pou nenpòt potansyèl pou gen DOB.
4. **Defisi Finansman DOB Obligatwa nan Moman Vant lan:** Demontre fason yo te kalkile pòsyon prim lan mèt kay la responsab. Montan yo montre nan seksyon sa a se kantite lajan ou pral

bezwen mete nan Kont Defisi Finansman DOB a nan moman w ap egzikite sibvansyon w lan. Si li obligatwa pou w kontribiye nan Kont Defisi Finansman DOB a, y ap itilize Defisi Finansman DOB w la pou yo peye pou reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman kay ou a avan yo peye nenpòt fon sibvansyon nan non w.

**<u>ENFÒMASYON SOU AVANTAJ DOUB YO</u>**

Li pral obligatwa pou w sètifye ke w te rapòte tout Avantaj Doub yo (DOB) ak nenpòt lòt lajan w te resevwa avan ak depi lè w te premye depoze aplikasyon an. Si w resevwa plis asistans aprè katastwòf pou repare kay ou a apre dat ou te siyen akò sibvansyon an, ou dwe avize Pwogram lan. L ap obligatwa pou w tabli yon akò sibstitisyon k ap pèmèt Eta a reklame nenpòt finansman adisyonèl jiska kantite montan sibvansyon an.

**FEMA IA:** Asistans Endividyèl FEMA (FEMA IA) se asistans FEMA te ka bay pou fè reparasyon yo nan kay la. Baz done FEMA NEMIS lan te verifye enfòmasyon sa a. Si w ka bay dokiman ki demontre ke montan FEMA IA baz done FEMA NEMIS lan te bay la gen ladan lajan yo pa bay nan entansyon pou kouvri pèt estriktirèl, n ap itilize dokiman w bay la pou n ajiste montan lajan FEMA IA ap bay la. Dokiman ou bay la dwe soti nan men FEMA.

**Asirans Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP):** Y ap retire nenpòt dedomajman asirans peye atravè NFIP pou fè reparasyon nan estrikti w la nan prim ou an kòm yon DOB.

**Konfòmite a Ogmantasyon Depans yo (ICC):** Garanti ICC a se youn nan plizyè resous pou moun ki gen asirans inondasyon ki bezwen plis èd apre yon evènman inondasyon ki garanti anba politik inondasyon an. Li pral bay jiska $30 000,00 pou ede kouvri depans mezi atenyasyon ki pral redui risk inondasyon, tankou elvasyon nivo a.

**SBA:** Règleman federal yo jije prè Administrasyon Ti Biznis yo bay pou reparasyon yo se yon DOB pou pwogram reparasyon gouvènman federal la finanse yo. Montan prè yo apwouve a konte kòm yon DOB menm si ou pa te retire okenn fon nan prè yo apwouve a oswa si w te deja ranbouse fon yo. Eksepsyon limite pou egzijans sa a se pou fwaye ki gen revni fèb a modere yo ki te refize pran yon prè nan men SBA.

**Asirans Prive:** Nou dwe retire tout peman asirans pwopriyete oswa asirans jeneral yo, pami yo montan asirans inondasyon, akò dedomajman pou pèt lojman yo nan prim ou an kòm yon DOB. Peman asirans prive yo peye pou kontni ak lòt depans yo pa konte kòm DOB yo, epi nou p ap retire peman sa yo nan prim ou an.

**Lòt:** Yo konsidere finansman w te resevwa nan men lòt sous tankou antite san bi likratif ke w te resevwa pou menm objektif ak sibvansyon sa a kòm yon DOB.

**Asistans Total ou te Resevwa Avan:** Liy sa se sòm tout liy ki nan seksyon sa a yo avan epi se li ki montan DOB a.

**Aktivite Admisib yo:** Liy sa se valè lajan an dola èd apre katastwòf ou te resevwa avan ke w te depanse[4]

nan depans elijib ki gen rapò ak reparasyon kay ou a. Pwogram lan fè detèminasyon sa pa mwayen estimasyon reparasyon tèren ou te deja konplete a ak nenpòt dokiman ou ka bay pou w pwouve depans yo elijib.

**Kantite Total Avantaj Doub yo:** Liy sa a demontre valè lajan total an dola DOB w la ye lè yo fin retire kantite Aktivite Admisib total la nan Asistans Total ou te Resevwa Avan. Sa a reprezante kantite lajan ou pral bezwen kontribiye nan pwojè w la.

**MONTAN DEFISI FINANSMAN DOB MÈT KAY LA**

Si yo te demontre ou genyen Avantaj Doub yo (DOB) l ap obligatwa pou w fè depo montan sa a nan Kont Defisi Finansman DOB a, nan moman egzekisyon sibvansyon an. Pwogram lan pral itilize fon ou te mete nan Kont Defisi Finansman DOB a pou yo fè reparasyon nan kay ou a avan yo depanse lajan pwogram lan bay la.

**Montan Sibvansyon an**

Valè kantite lajan sibvansyon an se kantite total depans ki fèt pou fè reparasyon oswa ranplasman kay ou a. Se kantite lajan an ki pral reflete sou lèt fèmti final ou a epi li detaye kantite lajan yo peye nan non w bay kontraktè konstriksyon ki fini travay la sou kay ou a. Sa a se yon sibvansyon ou p ap bezwen ranbouse finansman an amwenske ou pa satisfè nenpòt nan egzijans pwogram lan yo. Nan ka ou pa satisfè egzijans yo, montan sibvansyon an ap montan maksimòm ou pral oblije ranbouse. Y ap kalkile montan sa a lè yo retire nenpòt DOB nan montan òf konstriksyon an.

**ELEVASYON**

Si kay ou a oblije elve, etaj ki pi ba kay ou a dwe elve nan swa egzijans wotè elevasyon jiridiksyon lokal la oswa de (2) pye pi wo pase Elevasyon Inondasyon Debaz (BFE), kèlkeswa sa ki pi wo a. Rebuild Florida pral elve kay ou a, si sa nesesè, ak an koneksyon avèk reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman kay ou a.

## ASIRANS

An tan ke pwopriyetè kay la, ou dwe pote asirans inondasyon (si sa aplikab). Lwa federal egzije pou moun ki rete nan yon plèn inondasyon pou pote asirans inondasyon a vi sou pwopriyete sa a. Yon akò sibvansyon, kontra restriksyon, angajmman oswa machin menm jan an pou fè aplike yo pral nesesè pou yo mete sou pwopriyete a ki egzije pou yo kenbe asirans inondasyon sou pwopriyete sa a pou tout tan.

Si kounye a la ou pa gen asirans inondasyon epi ou pa te resevwa asistans federal anvan, HRRP ap peye premye montan anyèl la pou kouvèti ki akseptab. Si ou abite nan yon plèn inondasyon epi ou pa gen yon kontra asirans inondasyon aktif, yon reprezantan HRRP ap kontakte ou pou asire yon kontra asirans inondasyon, ki make “Department of Economic Opportunity” (DEO) kòm yon pati asirans adisyonèl.

Si kay ou genyen ki te sibi domaj la sitiye nan yon Zòn Ki Gen Risk Inondasyon Espesyal, nenpòt estrikti

*5*

asirab ki sou nenpòt espas sou pwopriyete a dwe, a tou moman, gen garanti asirans anba yon politik asirans inondasyon ki nan kantite oswa mwens pase swa: a) montan asirab total estrikti a jan konpayi asirans byen konsène a detèmine, oswa b) kantite maksimòm ki disponib pou estrikti a daprè Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la, oswa yon pwogram siksesè. Yo dwe baze valè asirab konplè estrikti a sou pri total pwojè a Pwogram lan ap koute aplikan an. Montan asirans ki garanti bilding lan dwe egal a oswa plis pase pri final pwojè a ap koute ototal san yo pa konsidere rediksyon Avantaj Doub yo nan kalkil la. Si w pa reyisi mentni asirans, sa ka lakoz ou pa elijib pou asistans aprè katastwòf alavni. Apre vant oswa transfè tit pwopriyete a, li obligatwa, swa nan dat oswa avan dat transfè sa a, ak nan dokiman ki pwouve transfè sa a te fèt, pou w avize tout sesyonè yo alekri konsènan obligasyon yo genyen pou yo kontinye mentni asirans inondasyon sou pwopriyete a. Nan ka ou pa reyisi pwouve avi sa a, yo ka fè w responsab pou peye Etazini pou asistans aprè katastwòf ki gen rapò ak pwopriyete a alavni. Rebati Florid pral ede pwopriyetè kay yo peye pou peman asirans inondasyon pou premye ane a. Apre sa, li se responsablite mèt kay la pou renouvle ak kenbe plan asirans lan.

**AVI SOU DANJE PLON**

Pandan aplikasyon an yo te ba w aksè a yon tiliv EPA pibliye ki titre "Pwoteje Fanmi w kont Plon nan Kay Ou" ke w ka jwen nsou sitwèb EPA a nan: https://www.epa.gov/sites/production/files/2017-06/documents/pyf_color_landscape_format_2017_508.pdf. Si w pa te deja telechaje yon kopi livrè sa a, tanpri itilize lyen ki anwo a pou w jwenn yon kopi pou w kenbe nan dosye w oswa kontakte sant Rekonstwi Florid lokal ou a pou w jwenn yon kopi enprime.

## PWOCHEN ETAP

Ekip Tit la, Ekip Fèmti Rebati Florid la pral kontakte ou pou yo revize ak egzekite dokiman Akò Sibvansyon ou a. Nan 60 jou apre egzekisyon Akò Sibvansyon ou a, y ap plase yon kontraktè Rebuild Florida pou travay sou pwopriyete w la. Kontraktè pwogram ou a pral kontakte w pou w pran yon plan inisyal anvan konstriksyon. Yo bay kontraktè a 45 jou pou l jwenn tout pèmi yo. Yon fwa yo te jwenn pèmi yo avèk siksè, y ap bay yon Avi pou Konstwi ak deplase pwojè ou an nan faz konstriksyon an. Lè sa a, kontraktè pwogram nan pral gen jiska 30 jou pou ranplasman kay mobil/modilè, 50 jou pou reyabilitasyon kay, ak 80 jou pou konplete pwojè rekonstriksyon yo, a eksepyon de nenpòt ki chanjman enprevi ki ta anpeche lòd ka mande pou plis travay, sa ki ka pwolonje delè pou fini pwojè a. Anplis de sa, reta materyèl ak pwovizyon ka afekte delè sa a.

Si ou pa dakò avèk detèminasyon prim lan, ou ka konteste kont detèminasyon sa a. Enfòmasyon sou kontestasyon yo indike anba a nan lèt sa a.

Ou ka retire tèt ou nan pwogram lan si ou vle. Pou fè sa, tanpri kontakte Sant Apèl Rebati Florida a nan 844-833-1010. Yon repwezantan Rebati Florida pral revize enfòmasyon ou yo avèk ou epi konfime ke ou vle retire tèt ou nan pwogram nan.

### PWOSEDI REKONSIDERASYON AK APÈL REKOU POU APLIKAN YO

Si w pa dakò ak fason pwogram lan te kalkile prim ou an oswa ak nenpòt nan Avantaj Doub yo (DOB),

*6*

si nenpòt, ou ka mande yon rekonsiderasyon. Ou dwe fè demann pou rekonsiderasyon ou an nan trant (30) jou apati dat lèt sa a.

Ou pa ka fè apèl pou w konteste politik Pwogram lan te deja apwouve ak enkòpore yo, tankou pwosesis Pwogram lan itilize pou fè evalyasyon valè materyèl ki elijib nan kad Pwogram lan yo. Anplis de sa, yo pa otorize w fè apèl apre egzekisyon sibvansyon an. Epitou, yo pa ka fè apèl pou konteste egzijans/direktiv legal ak reglemantè yo.

Tanpri kontinye li pou plis enfòmasyon sou demann rekonsiderasyon ou an.

.

**PWOSESIS REKONSIDERASYON AK PLENT YO**
Konfòmeman ak Plan Patisipasyon Sitwayen 24 CFR 91 lan ak 24 CFR 570.486(a) (7) la, HRRP te devlope pwosesis pou mande rekonsiderasyon ak pote plent. Atravè pwosesis rekonsiderasyon an, aplikan yo gen yon mekanis pou yo mande fè yon revizyon ki pi apwofondi sou yon desizyon yo te pran sou dosye yo a. Yon fwa yo fin itilize pwosesis rekonsiderasyon an, si yon aplikan pa ta dakò ak rezilta demann pou rekonsiderasyon yo an, yo ka mande fè yon revizyon ki pi apwofondi sou desizyon HRRP a atravè pwosesis apèl rekou enfòmèl ajans lan. Yo pa ka fè apèl rekou pou konteste politik pwogram lan yo. Anplis de sa a, sitwayen yo gendwa depoze yon plent- swa fòmèl oswa enfòmèl- epi yo pral reponn yo nan yon delè 15 jou ouvrab.

Y ap enprime enfòmasyon konsènan dwa ak fason pou w ranpli yon demann rekonsiderasyon, yon apèl enfòmèl ak plent nan ajans lan nan tout direktiv ki sou sitwèb Rekonstwi Florid la, www.rebuildflorida.gov, nan tout lang lokal yo, jan sa apwopriye ak rezonab.

**Rekonsiderasyon pou Pwogram lan**

Pandan tout dire pwosesis la, yo pral pran desizyon sou yon aplikasyon ak/oswa pwojè ki gen pou fèt. Yo pran desizyon yo baze sou lwa, kòd règleman federal yo, kòd administrativ lokal yo ak direktiv eta ak lokal yo jan Pwogram lan entèprete yo. Politik sa a gide pwosesis pou yon aplikan oswa yon kontraktè mande pwogram lan pou yo rekonsidere desizyon HRRP te pran yo.

**Motif pou mande rekonsiderasyon yon desizyon.** Aplikan yo ki te aplike pou finansman pou rekiperasyon apre katastwòf la yo ka sèlman mande rekonsiderasyon dispozisyon yon desizyon pwogram lan te pran sou youn oswa plizyè nan opsyon ki annapre yo:

1. Diferans Repetisyon Benefis (DOB)
2. Dimansyon Travay la
3. Estimasyon Reparasyon Konplè (CRE)

**Demann rekonsiderasyon desizyon pwogram lokal la.** Yon pati konsène k ap mande rekonsiderasyon dwe depoze yon demann alekri pou rekonsiderasyon nan HRRP pou yo mande yon revizyon nan (30) jou apati dat lèt sa a. Demann alekri a dwe gen ladan enfòmasyon espesifik ki gen rapò ak rekonsiderasyon desizyon HRPP an. HRRP pral voye yon avi resepsyon lè yo resevwa demann lan. HRRP pral reponn demann lan alekri pa pi ta pase yon delè 15 jou ouvrab apre dat yo te resevwa demann lan. Repons lan ka pran youn nan mezi ki annapre la yo:

1. Avi resepsyon pou demann pou rekonsiderasyon an ak avi ke revizyon dosye aplikan an ka pran plis tan pase delè 15 jou a;
2. Demann pou plis dokiman sipò oswa enfòmasyon nan men aplikan an;
3. Estati ankèt la ak delè yo estime pou yo pran yon desizyon; oswa
4. Detèminasyon final yo fè sou pwoblèm lan:
   a. Dakò ak demann lan epi fè ajisteman kòmsadwa nan desizyon manm anplwaye a te pran an; oswa

*8*

b. Pa dakò ak demann lan epi bay rezon ki fè yo refize demann pou rekonsiderasyon pati konsène a.

Si yon aplikan pa ta dakò ak rezilta yon demann pou rekonsiderasyon, y ap bay aplikan an yon avi sou dwa pou yo fè apèl rekou administratif ak enstriksyon konsènan pwosesis apèl rekou a pou yo ka konteste desizyon an.

Pou w fè yon demann rekonsiderasyon, tanpri voye yon avi alekri pa imèl bay: CDBG-DR.Reconsiderations@deo.myflorida.com oswa soumèt li pa lapòs nan adrès ki annapre a:

Attention: Office of Disaster Recovery, Reconsiderations
Florida Department of Economic Opportunity
Division of Community Development
107 East Madison Street
Tallahassee, FL 32399

**Plent yo**

Objektif HRRP se pou yo rezoud plent yo nan yon fason ki alafwa sansib a preyokipasyon moun k ap pote plent yo epi pou yo atenn yon rezilta ki ekitab. HRRP pral trete tout plent yo ak respè epi y ap reponn a demann moun k ap pote plent yo konsènan estati plent yo a. Pwogram lan pral voye avi resepsyon pou chak plent yo resevwa epi y ap bay yon repons nan yon delè 15 jou, lè sa pratik.

Enfòmasyon sou fason pou w depoze yon plent pral disponib nan biwo pwogram lan yo, ki gen ladan materyèl enprime yo, ak sou sitwèb la.

**Plent Enfòmèl yo**

Y ap reponn a plent yo depoze yo lè sa posib kèlkeswa sous kote yo soti. Mekanis pou reponn a sa se pou rann li sèten pou moun lan konnen pwosesis pou pote plent fòmèl la epi reponn a plent lan nan menm fason yo te resevwa l la. Yo p ap mete youn oswa plizyè plent enfòmèl ki pa gen yon kontak nan sistèm kontwòl plent lan. Olye de sa, y ap mete plent enfòmèl yo nan yon dosye plent enfòmèl.

Nan yon plent enfòmèl, HRRP dwe:

1. Jwenn tout enfòmasyon apwopriye yo, ki gen ladan kesyon yo soulve a epi si posib, non moun ki pote plent lan ak yon kontak pou si yo bezwen plis enfòmasyon. Si yo pa kite ni non ni kontak, kidonk yo dwe note sa epi mete plent lan nan dosye plent enfòmèl la—swa sou fòm elektwonik oswa nan papye.
2. Revize plent sa yo omwen chak mwa pou detèmine si gen yon tandans k ap devlope, si wi, detèmine si pwoblèm lan mande pou yo chanje politik oswa ofri plis fòmasyon.

**Plent Fòmèl yo**

Plent fòmèl yo se nenpòt deklarasyon doleyans ekri—ki gen ladan imèl, faks oswa lèt ki bay yon kontak anplwaye pwogram lan ka kominike rezilta ankèt la yo avèk li. Y ap konsidere nenpòt plent ki pa gen yon pwen kontak kòm yon plent enfòmèl. Y ap konsidere nenpòt plent yo transfere bay HRRP ki soti nan HUD kòm yon plent ekri.

**Dokiman Obligatwa yo**

1. Y ap mete tout plent fòmèl yo nan yon sistèm kontwòl plent epi y ap mentni l swa nan yon dosye elektwonik oswa sou papye. Plent Fòmèl yo mete nan dosye a yo pral genyen:
    a) Non moun ki pote plent lan ak yon adrès kontak.
    b) Dat yo te resevwa plent lan.
    c) Deskripsyon plent lan.
    d) Non nenpòt moun yo te kontakte pou chache rezoud plent lan oswa pou yo te ka jwenn plis enfòmasyon pou yo rezoud plent lan.
    e) Yon rezime rezilta yo ak dat repons yo te bay pou plent lan.
    f) Yon eksplikasyon rezon ki fè yo te fèmen dosye a si yo te fèmen dosye a.
2. Yon fwa yo mete plent lan nan sistèm kontwòl la, HRRP pral detèmine si moun ki te pote plent lan gen motif. Moun ki te pote plent lan gen motif lè li se yon aplikan oswa yon pati konsène dirèk epi li gen yon adrès kontak. Si moun ki te pote plent lan pa gen motif valid, HRRP pral swiv etap ki annapre yo:
    a) Asiyen yon nimewo kontwòl pou moun ki te pote plent lan.
    b) Revize ak/oswa fè ankèt sou plent lan.
    c) Yon fwa yo fin rezoud plent lan, oswa si yo bezwen fè plis travay pase pwogram lan ka fè onivo lokal, y ap refere plent lan bay biwo apwopriye a pou yo ka chache jwenn yon solisyon.
    d) Bay moun ki te pote plent lan yon kopi rezilta final la si sa aplikab.
    e) Bay moun ki te pote plent lan epi bay chak moun ki fè pati plent lan politik ak pwosedi ki gen rapò ak ankèt ak rezolisyon an yo.
    f) Avize moun ki te pote plent lan de rezilta yo, oswa si l ap pran plis tan pase delè15 jou a, fè yo konnen estati pwosesis revizyon an.
    g) Fèmen plent lan.

**Plent sou Lojman Ekitab yo**

Y ap refere moun ki akize ke gen yon vyolasyon lwa sou lojman ekitab yo bay kontak lokal DEO a pou yo depoze yon plent. DEO pral kenbe yon lis ak dosye ki gen tout demann, akizasyon, plent ak referans ki gen rapò ak lojman ekitab yo. Anplis de sa, DEO pral rapòte non-konfòmite yo sispèk yo bay HUD. Kontak pou Plent sou Lojman Ekitab yo se:

FairHousing@deo.myflorida.com

(850) 717-8426

**Fwòd Kontraktyèl:**

Anplwaye pwogram lan yo dwe rapòte bay DEO, tout enfòmasyon yo resevwa konsènan yon kontraktè k ap kontakte pwopriyetè kay yo epi k ap pretann nan fason fwodilez ke se ak Rekonstwi Florid y ap travay pou yo ede pwopriyetè pwopriyete yo ak konstriksyon y ap fè yo. Anplwaye pwogram lan yo dwe kolekte tout enfòmasyon yo konnen ki ka idantifye kontraktè sa a epi soumèt rapò a bay Jesyonè Sant lan. Apresa, Jesyonè Sant lan dwe refere nenpòt fwòd kontraktyèl ki gen rapò

ak ouragan yo bay resous ki annapre a:

1. Rele 1 (866) 9NO-SCAM (866-966-7226) oswa;
2. Soumèt yon plent fwòd kontraktyèl pa mwayen elektwonik sou MyFloridaLegal.com, lè yo klike sou "General Complaints" (Plent Jeneral yo) sou paj dakèy la epi swiv enstriksyon yo.

Si nenpòt kontraktè konstriksyon oswa nenpòt lòt moun kontakte yon pwopriyetè pwopriyete dirèkteman avèk yon reklamasyon fwodilez kote l pretann li asosye ak pwogram Rekonstwi Florid la, fè pwopriyetè pwopriyete a konnen ke li pa dwe bay okenn enfòmasyon ki ka idantifye l epi remèsye l paske l rapòte ensidan bay Pwogram lan. Reprezantan Rekonstwi Florid la yo pral gen badj ofisyèl yo epi pwopriyetè pwopriyete yo pral resevwa kominikasyon ofisyèl Rekonstwi Florid ap voye ba yo avan nenpòt moun vini lakay yo. Si yon enspektè oswa yon kontraktè rive nan adrès pwopriyetè pwopriyete a sanzatann, fè pwopriyetè pwopriyete a konnen pou l kontakte Pwogram lan imedyatman lè l rele nan 844-833-1010.

# AKÒ SIBSTITISYON POU REPARASYON AK RANPLASMAN LOJMAN PWOGRAM REKONSTWI FLORID

Kont teni Montan Sibvansyon Benefisyè (yo) ki siyen anba la te resevwa nan kad Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la ("Pwogram lan") ke Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la ("DEO") ap administre, avèk dokiman sa a, Benefisyè a asiyen bay DEO tout dwa ranbousman ak tout peman yo ka resevwa alavni, oswa yo te resevwa avan men yo pa te fè DEO konnen, nan kad nenpòt pwogram Ajans Federal pou Jesyon Ijans ("FEMA"), pwogram Administrasyon Ti Biznis ("SBA"), politik asirans sou inondasyon, asirans jeneral oswa domaj materyèl, don oswa sibvansyon san bi likratif, oswa nenpòt finansman, oswa mezi demann oswa enterè pou aji Benefisyè a ka genyen ("Benefis" oswa "Avantaj Doub yo") ki gen rapò ak domaj fizik ki te fèt nan pwopriyete ki te sibi domaj la (san konte kontni ki anndan l yo) Ouragan Irma te lakoz ke yo pa te met nan kalkil Montan Sibvansyon yo te fè avan an. (Tèm ki an majiskil yo dwe gen menm siyifikasyon yo te ba yo nan Akò Sibvansyon (yo) ki reji Montan Sibvansyon Benefisyè a te egzekite nan menm jou ak Akò Sibstitisyon sa a ("Akò").

Dwa DEO genyen daprè Akò sa a konsènan Benefis yo dwe sijè a kondisyon ki annapre yo:

A. Si Benefisyè a (yo) resevwa Benefis ant dat Akò sa a ak dat premye vèsman Montan Sibvansyon an, kidonk DEO dwe rekalkile Montan Sibvansyon an pou yo ka mete Avantaj Doub yo nan kalkil sibvansyon an, epi DEO ka redui Montan Sibvansyon an epi egzije pou, nan yon peryòd tan yo idantifye ki konfòm ak Akò Sibvansyon an, Benefisyè a (yo) depoze Benefis yo nan Kont Defisi Finansman DOB Pwogram lan mentni an.

B. Si Benefisyè a te resevwa Benefis yo apre dat premye vèsman Montan Sibvansyon an, men avan dènye vèsman, kidonk Benefisyè a dwe ranbouse DEO diferans ant (i) montan total vèsman Pwogram lan te ba yo jiska dat yo te resevwa Benefis yo, ak (ii) Montan Sibvansyon yo ta pral ba yo si yo te konte Benefis yo nan kalkil orijinal DEO te fè pou Montan Sibvansyon an.

C. Si Benefisyè a te resevwa Benefis yo apre dat dènye vèsman Montan Sibvansyon an, kidonk Benefisyè a dwe ranbouse DEO kantite total Benefis yo te resevwa jiska dat la, men pa plis pase, Montan Sibvansyon an.

Malgre sa ki dekri anwo a yo, si Benefisyè a (yo) te resevwa Benefis yo pandan yo pa t satisfè egzijans yo daprè Akò Sibvansyon an, kidonk DEO ka rekipere montan Benefis yo jiska Montan Sibvansyon yo te vèse a.

Benefisyè a (yo) dakò pou yo ede ak kowopere ak DEO si DEO chwazi pouswiv nenpòt reklamasyon Benefisyè a genyen oswa ka genyen kont yon konpayi asirans pou ranbousman yo nan kad nenpòt politik asirans ki kouvri Pwopriyete ki te Sibi Domaj la oswa kont lòt antite pou domaj fizik ki te fèt nan Pwopriyete ki te Sibi Domaj la. Asistans ak kowoperasyon Benefisyè a (yo) dwe gen ladan pèmèt yo entante pwosè jidisyè nan non Benefisyè a (yo), fè depozisyon, bay dokiman, pwodui dosye ak lòt prèv, temwaye nan pwosè ak lòt fòm asistans ak kowoperasyon rezonab DEO mande.

Si DEO mande, Benefisyè a (yo) dakò pou yo egzekite dokiman ak enstriman anplis sa yo jan yo ka mande yo pou yo ka pi byen remèt DEO Benefis oswa nenpòt politik asirans ak/oswa dwa ki soti ladan yo, jan Akò sa a preskri a, ak pou yo pran, oswa koz pou yo pran, tout mezi ak pou yo fè, oswa koz pou yo fè tout bagay DEO mande pou yo akonpli ak mete objektif Akò sa a an vigè.

*12*

Benefisyè a konprann byen klè ke l pèmèt DEO pou yo mande nenpòt konpayi oswa antite kote Benefisyè a gen politik asirans, oswa nan FEMA, oswa SBA, oswa nenpòt lòt antite kote Benefisyè a te aplike pou oswa ap resevwa Benefis, nenpòt enfòmasyon ki pa piblik oswa ki konfidansyèl DEO detèmine ki rezonabman nesesè pou yo kontwole ak/oswa fè respekte enterè li nan dwa yo asiyen ba li yo nan kad Akò sa a epi bay konpayi oswa antite sa yo konsantman Benefisyè a pou yo kominike enfòmasyon sa yo bay DEO.

Benefisyè a (yo) dakò ke yo otorize ak bay nenpòt avoka oswa ekspè an sinis ki reprezante Benefisyè a (yo) an rapò ak Kay ki te Sibi Domaj la enstriksyon pou yo kominike ak DEO konsènan nati ak estati reklamasyon yo epi pou yo pataje enfòmasyon ki gen rapò ak reklamasyon sa yo ak DEO. Avoka ak pwofesyonèl an sinis sa yo dwe pwoteje enterè Eta a nan kad nenpòt benefis ki soti nan reklamasyon an apre yo resevwa avi sibstitisyon sa a.

Si Benefisyè a (yo) (oswa nenpòt konpayi prè ki gen yon lyen sou Pwopriyete ki te Sibi Domaj la) dorenavan resevwa nenpòt Benefis pou domaj fizik ki te fèt nan Kay ki te Sibi Domaj la (san konte Kontni ki anndan l yo), Benefisyè a (yo) dakò pou yo peye DEO Benefis sa yo oswa yon kantite fon ekivalan san pèdi tan, annakò ak kondisyon Akò sa a.

Benefisyè a (yo) rekonèt ke Akò sa a pa afebli dwa òganis prè ipotekè Benefisyè a (yo) kòm yon benefisyè pèt daprè nenpòt tit fidisi oswa ipotèk ki gen sou Pwopriyete ki te Sibi Domaj la.

Si DEO te rekipere yon montan ki egal a Prim lan, DEO pral reyasiyen bay Benefisyè a nenpòt dwa yo te asiyen bay DEO annakò ak Akò sa a.

Nan nenpòt pwosedi pou fè respekte Akò sa a, DEO dwe gen dwa pou l rekipere tout depans pou aplikasyon règ yo, ki gen ladan frè aktyèl avoka yo koute.

| | |
|---|---|
| Siyen la | Dat |
| Siyen la | Dat |

13